



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools

Dr. Jose L. Dotres

Miami-Dade County School Board

Mari Tere Rojas, Chair

Danny Espino, Vice Chair

Roberto J. Alonso

Lucia Baez-Geller

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Mary Blanco

Monica Colucci

Dr. Steve Gallon III

Luisa Santos

31 out 2023

Chè Paran/Gadyen:

Ane sa a lekòl nou an pral resevwa finansman espesyal nan men gouvenman federal la, nou pral ajoute sou fon regilye nou resevwa nan men Eta a ak otorite lokal yo, pou amelyore pwogram edikasyonèl pou tout élèv nan lekòl nou an. Lajan federal sa a pral pèmèt lekòl nou an aplike Pwogram Title I nan tout Lekòl la.

Pwogram Lekòl Title I bay ansèyman siplemantè nan Lekti/Ekriti, Matematik, Syans ak Syans Sosyal pou élèv nou yo, sou baz objektif enstriksyonèl nou etabli nan plan "School Improvement Process (SIP)" yo. An jeneral, nou kapab sèvi ak fon federal sa a pou ofri yon seri sèvis enpòtan tankou ajoute plis anplwaye enstriksyonèl, achte materyèl ak/oubyen ekipman edikatif; pwogram elektwonik tankou odinatè pou sipòte pwosesis dewoulman klas la; fòmasyon espesyal pou paran ak/oubyen anplwaye yo, plis aktivite enteresan ki ogmante motivasyon/enterè, sèvis sipò ak ankadreman pou élèv nou yo, ak lòt sèvis edikasyonèl Distri a ofri.

Nou ankoraje ou pou w jwe yon wòl enpòtan e rete angaje nan pwosesis planifikasyon ak egzekisyon plan Pwogram Lekòl Title I nan lekòl la. Chak lekòl ki ap patisipe nan pwogram sa a dwe an menm tan devlope avèk paran yo "The Title I School-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Title I pou Paran ak Fanmi nan Nivo Lekòl) ansanm ak "The Title I School-Parent Compact" plan (Akò Title I sou Kolaborasyon Lekòl ak Paran). Nou ankoraje ou vin patisipe nan Reyinyon Anyèl Title I pou paran yo, kote nou revize epi mete ann aplikasyon dokiman sa yo. Pandan reyinyon an, n ap pataje tou enfòmasyon sou lòt fason ak aktivite ou kapab angaje w nan lekòl la ak nan siksè akademik pitit ou.

Nou pa ka tann pou nou travay ansanm sou evalyasyon anyèl Title I PFEP nan nivo Lekòl la ak plan an, epi revize yo jan sa nesesè. Yon fwa nou fini, n ap mete tout dokiman sa yo disponib nan Parent Resource Center, nan Biwo Prensipal lekòl la, ak sou sit entènèt lekòl la. N ap revize dokiman sa yo regilyèman pou asire nou yo reflete bezwen espesifik élèv nou yo. N ap bay plis enfòmasyon konsènan Reyinyon Anyèl Paran an konsènan Benefis Pwogram Tit I nan tout lekòl la sou sitwèb lekòl la.

Nou vle w konnen ekip administratif nou an, anplwaye lekòl nou yo, ak Community Involvement Specialist (CIS) yo oubyen moun ki responsab pou fè kontak ak paran nan lekòl nou yo) se premye pwen kontak ou pou resevwa enfòmasyon sou The Every Student Succeeds Act (ESSA) a. Anplis, yo kapab ede ou jwenn enfòmasyon Dwa pou Konnen), pou paran, konsènan nivo pèfòmans akademik pitit yo nan chak evalyason akademik Eta a; kalifikasyon pwofesè ak anplwaye k ap anseye pitit ou a, si yo te asiyen pitit ou oubyen li resevwa enstriksyon pou plis pase kat (4) semèn nan men yon pwofesè ki pa satisfè kondisyon pou setifikasiyon Eta a; done pèfòmans lekòl la; ak Pwosedi Distri a pou Mande Reyinyon ak Pote Plent; aksè nan plan 'PFEP,' 'Title I' nan nivo Distri a, aksè plan PFEP Title I nan nivo Lekòl la, plan School Improvement Process (SIP), ak plan Title I School-Parent Compact (Akò Title I sou Kolaborasyon Lekòl ak Paran).

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan ansèyman pitit ou ap resevwa nan lekòl nou yo oubyen konsènan Pwogram Lekòl Title I, silvouplè kontakte mwen nan (305) 264-4154.

Sensèman,

Deborah G. Riera
Direktris